*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 137 (25866)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 1 август — майрæмы мæйы 1 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КАДДЖЫН МАДЗАЛ
*Турнир "Кубок содружества"*

3 ЮБИЛЕЙ
*Кафты базыртыл*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Зонындзинæдтæ**

## Экскурси — скъоламæ

**Дзæуджыхъæуы сидзæрдон "Ласкæ"-йы хъомылгæнинæгтæ æмæ нæм Запорожьейы облæстæй рæстæгмæ æрбацæуæг сывæллæттæ бабæрæг кодтой Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъола.**

Номылдарæн лæвæрттæ кæмæн радтой, стъалыджын залмæ 'рбацæуæг уыцы æвзонг экскурсанттæ байхъуыстой Виктор Левашовы мидисджын лекцимæ, стæй бакастысты космосы тыххæй кинонывмæ. Экскурситæ Космонавтикæйы скъолайы арæзт æрцæуынц æнæхъæн афæдзы дæргъы.



— Планетаримæ æрбацæугæйæ, æппæт ирыстойнаг сывæллæттæ Космонавтикæйы скъола цæмæй феной æмæ афтæмæй се 'ргом космосмæ цæмæй аздахой, скъолайы бындурæвæрæг Къомайты Русланы уый фæндыд. "Ласкæ"-йы хъомылгæнинæгтæн амæй размæ дæр не скъолаты арæзт æрцыдысты экскурситæ. Уымæй уæлдай, ацы сæрд нæм цалдæр хатты æрбацыдысты скъолайы бындурыл арæзт лагерты фæлладуадзæг фæсивæд дæр, — зæгъы Космонавтикæйы скъолайы директоры хæдивæг **Теджетты Жаннæ.**

Космонавтикæйы скъола сæрды парахатæй кусы. Музеймæ экскурситæ сывæллæттæм кадджын сты. Ныртæккæ скъолайы чи ахуыр кæны, педагогтæ уыцы 460 сывæллонæн космонавтикæйы тыххæй мидисджын лекцитæ бакæсынц. Ахуырдзаутæн вæййы телескопæй арвы тыгъдадыл афæлгæсыны фадат.

Уæ зæрдыл уын лæуууын кæнæм: 2020 азы космосон тæхæн аппаратты зындгонд конструктор Къомайты Русланы фæндонæй æмæ нæ республикæйы раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеславы** æххуысæй Дзæуджыхъæуы байгом Космонавтикæйы скъола.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Форум**

## Информацион сабырдзинад

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, Цæгат Ирыстоны æххæстгæнæг хицауады паддзахадон оргæнтæн уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад" цы форум саразта, уым. Ацы мадзал ацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты Юнескойы залы. Ныхас дзы цыд ахсджиаг социалон фарстатыл. Сæйрагдæр та — паддзахадон политикæ æмæ уыимæ баст информацион сабырдзинадыл.**

Проект ацæудзæн суанг ноябры онг.

— Махмæ тынг бирæ информаци цæуы, бæлвырд бæрæггонд чи не 'рцæуы, ахæм. Ис нæм бирæ чиновниктæ, хицæутты бынæтты чи бады, йæ бон информацион тыгъдадмæ бæрæггонд информаци бахæссын кæмæн нæу, ахæмтæ. Уый дæр у æркæсинаг фарстатæй иу. Æхсызгон у уый, æмæ ацы программæ кавказаг республикæтæй фыццагдæр махмæ кæй байгом. Фæлæ æхсæнад "Зонынад"-имæ уый нæ фыццаг æмгуыстад нæу, — фæбæрæг кодта республикæйы разамонæг.




Форумæй райдыдта егъау проект "Зонынад. Паддзахад". Фæуыдзæн ноябры кæрон. Программæйы цы лекцитæ ис, уыдон кæсдзысты нæ республикæйы æмæ иннæ регионты уæлдæр ахуыргæнæндæтты профессортæ æмæ ахуыргæнджытæ. Уыдон радзурдзысты Уæрæсейы æддаг æмæ мидбæстаг политикæйы тыххæй.



Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы цæгатирыстойнаг хайады директор **Гæбæраты Каринæйы** ныхасмæ гæсгæ, форумы нысан у зонгæ кæнын.

— Мæскуыйы Михаил Ломоносовы номыл паддзахадон университетæй цы лекторы æрбахуыдтам, уый у, ацы темæйыл æппæты зæрдиагдæрæй чи кусы æмæ архайы, уыдонæй иу. Уый фæбæрæг кæндзæн, дарддæр проекты ныхас цæуыл цæудзæн, уый.

— Адæймагæн йæ мысæнуат куы байсай, уæд куыд адæймаг, афтæ нал вæййы. Æнæхъæн адæмæн куы байсай сæ мысæнуат, уæд та æппындæр ницыуал уыдзæн, адæмыхатт дæр нал уыдзæн. Уымæ гæсгæ нæ зонын хъæуы канд нæ истори нæ, фæлæ ма алы адæмты хицæндзинад дæр, не 'гъдæуттæ æмæ нæ традицитæ, — зæгъы историон наукæты доктор **Вардан Багдасарян.**

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Æмбырд**

## Хæрзхъæд куыст — бæлвырд æмгъуыдмæ

**Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис саразта æмбырд, кæцыйы архайдтой министртæ, Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы районты администрацииты сæргълæуджытæ.**

Æмбырды сæйраг фарста уыдис национ проектты æмæ паддзахадон программæты фæлгæты мадзæлттæ царды уадзын. Ныртæккæ Цæгат Ирыстоны рапарахат сты, уæлдай стырдæр социалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы объекттæ аразыны, цалцæг æмæ рацарæзты куыстытæ. Дзанайты Барис куыд бахахх кодта, афтæмæй уыцы куыстытæн уæлдай вазыгджындæр у сæ хæрзхъæддзинад æмæ сæ афоныл ахицæн кæнын.

Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы ныртæккæ бындуронæй аразынц йæ санитарон коллектор. Фæлæ æгæр сындæг кæй кусынц, уый аххосæй паркмæ æрбацæуæг горæты цæрджытæ æмæ йæ уазджытæ разыйæ нæ баззайынц. Уый фæдыл Дзанайты Барис бауайдзæф кодта республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæнæн**:

— Адæмы фæфæнды сæ фæллад суадзын, баулæфын, фæлæ сæ бахъæуы уыцы дзыхъхъытæ æмæ къанæутты рахиз-бахиз кæнын. Уый хорз нæу. Уымæ гæсгæ бацархайут, гæнæн куыд ис, афтæ тагъддæр æмгъуыдмæ цæмæй уавæр йæ гаччы сбада.

Хъæстытæ цæуы Беслæн æмæ Алагиры цæрджытæй дæр, уым дæр ныртæккæ рацарæзты куыстытæ цæуынц горæтты коммуналон системæйы. Фæлæ æмгъуыдтæ бæрæг не сты. Уымæн бирæ нæ хъæуы — куыстытæ кæм цæуынц, уыцы объектты раз фæйнæджы гæбæзтæ ныссадзут, рацарæзты хабæрттæ кæд ахицæн уыдзысты, ахæм бæлвырд информациимæ. Æмæ йæ алчидæр зондзæн, цас ма сæ бабыхсын хъæуы, уый!

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрад ма царды уадзы, "Цæрджыты кæлæддзаг цæрæнуæттæй рахонын", зæгъгæ, ахæм федералон программæ дæр. Ацы аз ногдæр цæрæнуæттæм баивдзысты Дзæуджыхъæуы, Дигорайы, Мæздæджы æмæ Рахизфарсы районты цалдæр кæлæддзаг хæдзæртты цæрджыты. Уыцы хъуыддагмæ иудадзыг цæст дарын Дзанайты Барис бахæс кодта Таматы Майрæнæн.

Нæ республикæйы Культурæйы министрадæн та хæсгонд у программæ "Культурон тыгъдад", зæгъгæ, уый фæлгæты куыстытæ фæтагъддæр кæнын. Ныхас цæуы сæрмагонд чиныгдæттæ саразыны, Мæздæджы музыкалон скъолайы Виноградняйы æмæ Комаровойы, стæй Камбилеевкæйы культурæйы хæдзæрттæ цалцæг кæныны тыххæй.

Уымæй уæлдай ма Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы, стæй Ахуырад æмæ наукæйы министрадтæ иумæ хъуамæ ног ахуыры азы райдайæнмæ бацархайой, цæмæй бындуронæй цалцæггонд æрцæуой скъолатæ.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

**Кадджын мадзал**

## Зындгонд наудзогы кадæн

**Республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг ТОМАЙТЫ Ирбег архайдта æфсæддон наудзог (моряк) æмæ ахуыргонд Гаппуаты Георгийы фырт Эльбрусæн мемориалон фæйнæг байгом кæныны кадджын мадзалы, кæцы ацыд Дзæуджыхъæуы Æфсæддон-денджызон флоты бæрæгбоны.**

Зындгонд наудзог æмæ ахуыргонды æрымысынмæ æмæ йын рухсаг зæгъынмæ, Къостайы проспекты бирæ азты кæм фæцард æмæ ныр йæ номыл мемориалон фæйнæг гом цы хæдзары фарсыл æрцыд, уый раз æрæмбырд сты Æфсæддон-денджызон флоты ветерантæ, мыггаджы æмæ æхсæнады минæвæрттæ.




Томайты Ирбег мадзалы архайджытæн Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы номæй арфæйы ныхæстæ загъта:

— Ирыстоны цæрджытæ стыр кад кæнынц, йе 'фсæддон службæйы, йæ хъæзуатон фæллойы, хорз хъуыддæгты руаджы йæ чысыл райгуырæн бæстæйы кадыл кад чи 'фтауы, рæзгæ фæлтæрæн дæнцæг чи у, уыдонæн. Уымæ гæсгæ, абоны æхсызгон цау æрмæст Гаппуаты мыггагæн нæ, фæлæ æппæт республикæйæн дæр нысаниуæгджын бон у. Гаппуаты Георгийы фырт Эльбрус æрыгон фæлтæрæн дæнцæг у, æнæмæнг, уый йæ ном æнустæм ныффыста Ирыстоны æмæ Æфсæддон-денджызон дæлдон цæуæг флоты историйы. Æфсæддон наудзог, фыццаг ранджы капитан, ахуыргонд, техникон наукæты кандидат — уый диссаджы курдиатджын, алцæмæй æххæст адæймаг уыд, нæ Райгуырæн бæстæйы иузæрдион патриот.

Гаппуаты Эльбрусы цардвæндаджы хабæрттæ æрымысыдысты, йемæ чи службæ кодта, уыдон æмæ йæ хæлæрттæ. Æртын азæй фылдæр баслужбæ кодта Æфсæддон-денджызон флоты, иуæндæс азы та фæкуыста ацы флоты наукон-иртасæн институты. Уыцы азты стыр æвæрæн бахаста атомон доныбынты цæуæг науты экипажтæн æмбæлгæ уавæртæ саразыны хъуыддагмæ.

1980 азы фыццаг ранджы капитан Гаппуаты Эльбрус рацыд запасмæ æмæ ссыди Ирыстонмæ. Ам дæр йæ зонындзинæдтæн бынат ссардта — дыууын азæй фылдæр сæ Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты фидæны аразæг-инженертæн æнæвгъауæй лæвæрдта, активонæй архайдта ахуыргæнæн уагдоны æфсæддон-патриотон хъомылады.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Нымæцтæ**

## Æфтиæгтæ æмæ хæрдзтæ

Ацы азы фыццаг æмбисы Æрæфы районы бюджеты æфтиæгты бæрц рауад 592,9 милуан сомы, хæрдзты бæрц та — 588,5 милуан сомы.

Хъалонтæ æмæ æнæхъалонты æфтиæгты хардзæй бюджетмæ æрбафтыд 138,6 милуан сомы, æндæр уагæй бюджетмæ æрбафтæг фæрæзты бæрц та рауад 454,4 милуан сомы.

— Иумæйаг бюджетмæ æфтæг хъалонтæ æмæ æнæхъалонты æфтиæгты бæрц цæмæй фæфылдæр уа, ууыл архайæм. Бюджетон фæрæзтæ пайдайагæй кæй хардз кæнæм, уый фæрцы ацы азы фыццаг æмбисы, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, бюджеты æфтиæгты бæрцыл бафтыд 13,7 милуан сомы, — Цæгат Ирыстоны Хицауады æмбырды ныхас кæнгæйæ, загъта районы администрацийы сæргълæууæг Лагкуты Омар.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн

**Кæронмæ æрхæццæ кæны 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Фæлæ, цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**



**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ фондз мæймæ у 1130 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 922 сомы æмæ 35 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ фондз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***РЕДАКЦИ***

## Дзырды фарн

*Цæрæм цæргæ-цæрæнбон тарстæй,*
*Кæнæм къæбæрамал уæддæр,*
*Вæййæм æдзух нæ хъуырмæ мастæй,*
*Уæддæр цæрæм мах уарзтæнхъæл.*

*ЦОМАЙТЫ Ростислав*

Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **1 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **29-34 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **29-31 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,28 | **Хурыскаст** — 04,52; **Хурныгуылд** — 19,20

Валютæйы аргъ | **Доллар** — 91,17; **Евро** — 100,42

12+

Кадджын мадзал

# Сергей Меняйло турнир "Кубок содружества"-йы

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Дзæуджыхъæуы спорты галуан "Манеж"-ы 27-28 июлы Поддубныйы номыл хъæбысхæсты æппæтадæмон турнир "Кубок содружества"-йы гом кæныны кадджын мадзалы.**



Архайдтой дзы 160 спортсмены Уæрæсейæ, Белоруссийæ, Азербайджанæй, Иранæй, Казахстан æмæ Туркæй. Йæ раныхасы бафиппайдта, Цæгат Ирыстоны кæй сты уæгъдибар, грекъаг-ромаг æмæ сылгоймæгты хъæбысхæсты хуыздæртæ. "Уыдоны хуызæн уæвынмæ, зонын æй, тырнынц æрыгæттæ, спорты цы бæрзæндтæм схызтыстут, уыдонмæ. Уырны мæ, уайгæ дæр сын ракæндзæн! Иуыл хуыздæр та уый у, æмæ алы паддзахæдты иугонд командæтæ кæй нæ фæтарстысты æмæ кæй æрбацыдысты. Ахсджиаг у зæрдыл дарын: спорт — æнæ политикæ. Уый нæ иу кæны адæмыхатт æмæ дин не 'взаргæйæ", — загъта Сергей Иваны фырт.

Арфæйы ныхæстимæ турниры архайджытæм фæсидт Уæрæсейы спортивон ерысты федерацийы президент **Михаил Мамиашвили.**

Поддубныйы Хъæбысæйхæцджыты цæдис у профессионалон, йæ архайджытæ сты дунейы хуыздæр спортсментæ, йæ призон фонд у æппæты фылдæр. Арæзт æрцыд 2022 азы мартъийы Уæрæсейы Федерацийы Спортивон хъæбысхæсты федерацийы хъæппæрисæй.

Æмбырд

# Инвестицитæн — уæрæх фæндаг

**Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис сарæзта Инвестициты советы æмбырд æмæ дзы æркастысты, экономикон æмæ социалон æгъдауæй пайдайаг чи у, уыцы проекттæм.**

Афтæ, советы уæнгтæ лæмбынæг раиртæстой инвестор цыбыр бæрнады æхсæнад "Хуссайраг кулдуæрттæ"-йы куысты бæрæггæнæнтæ æмæ сразы сты уæлæмхасæн зæххы хай йын радтыныл. Уый та хъæуы, Цымийы хъæуы таможняйæн товартæм æркæсыны размæ цы зонæ ис, уый авналæнтæ фæуæрæхдæр кæнынæн. Æмбырды архайдта куыстуаты бындурæвæрæг **Акъоты Георги.**

Проекты аргъ у 160 милуан сомы, уый ратдзæн фадат куысты бынæттæ æмæ инфраструктурæ фæуæрæхдæр æмæ лæггæдты нымæц фæфылдæр кæнынæн. Акъоты Георги йæ раныхасы фæнысан кодта, Цæгат Ирыстоны разамынд амалхъомадæн кæй æххуыс кæны, уый кæй фæахъаз уыдзæн республикæйы экономикон райрæзтæн. "Хуссайраг кулдуæрттæ"-йы разамонæг куыд загъта, афтæмæй зæххы хай куы радтой куыстуатæн, уæд, æнæмæнг, уый хорзæрдæм фæзындзæн проектыл.



Инвестицион советы уæнгтæ ма æркастысты Дзæуджыхъæуы базарадон комплекс "Лентæ" саразыны фарстамæ. Зындгонд компани адæмæн уæй кæны ныллæгдæр æргътыл æнæмæнгхъæугæ товартæ æмæ хæлцы продукттæ. Æрхонкæйы фæндагмæ хæстæг йæ арæзтадæн зæххы хай снысан кодтой. Проекты аргъ у 900 милуан сомы. "Лентæ" ратдзæн фадат ног 100 куысты бынаты саразынæн, сæйрагдæр та — бынæттон товаруадзджытимæ æмгуыстад кæндзæн.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, мартъийы республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло базарадон комплекс "Лентæ"-йы хицауадимæ фембæлды рæстæг кæй баныхас кодтой æмгуыстадыл.

Инвестициты советы æмбырды ма æркастысты хæлцы промышленност, фæндæгтæм хæстæг сервис æмæ агропромышленнон комплексы фарстатæм дæр.

— Нæ сæйрагдæр хæс у амалхъомадæн, амалхъом адæмæн æмбæлгæ уавæртæ саразын. Республикæйы царды уагъд цæуынц бирæ инвестицион программæтæ, æмæ хъуамæ æххуыс кæнæм, чи дзы архайы, уыцы адæмæн. Проекттæ куыд арæзт цæуынц, уымæ та хъуамæ бæрнон цæстæй кæсой хицауады минæвæрттæ, — загъта премьер-министр.

**РЦИ-Аланийы Сргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Хæсты уæззау рæстæг

# Фыд æмæ фырт

**Райгуырæн зæхх... Куыд зынаргъ æмæ куыд уарзон у зæрдæйæн! Цал адæймаджы ныууагътой сæ къахвæд ацы зæххыл! Быдыры рæсугъд дидинджытæ куы фенын, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма уыдон нæ фыдæлты къахвæдтыл зайынц, уæлæуыл сæ фарн махæн ныууагътой.**

Сæ фарн та æнусон у... 1942 азы 1 ноябры немыц Алагир куы бацахстой, уæд мæ райгуырæн хъæу Хæтæлдонæй фондз коммунисты — Мылыхуаты Хъазджери æмæ Ебаз, Тотраты Хаджумар, Басаты Гæбæцце, Базраты Баппи уыдысты хохы Карцайы партизантимæ. Адон хорз зыдтой тар хъæды къахвæндæгтæ æмæ-иу сгарæг къордтимæ арæх æрхъуызыдысты Хæтæлдонмæ. Хæрзгæнæг сын уыди Кцойты Барысби, Дыгейы фыд. Барысби уыд, карджын кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæг. Уæддæр зивæг нæ кодта, нæ тарст, цыдис хъæдмæ. Фембæлæн бынат ын партизантимæ уыд Нарсауы комы, Арсы лæгæт кæй хонынц, уым. Цæмæй йыл немыц гуырысхо ма кæной, уый тыххæй-иу йæ гыццыл лæппу Хъалмыхъы дæр йемæ ракодта. Уæд ууыл æртындæс азы цыдис. Иу хатт Барысби партизантæн радзырдта, немыцаг афицер алы райсом дæр доны был йæхи кæй фехсы. Уыдон дын иу бон Барысбийы цæхæрадоны ныхмæ доны был пыхсыты бамбæхстысты. Бон куыддæр æрбарухс, афтæ кæсынц, æмæ хæдзарæй иу афицер рацыд, йæ къухы хисæрфæн æмæ сапон. Хæдон фелвæста æмæ уазал дон йæхиуыл калы, футтытæ кæны. Партизантæ йæм уыциу гæпп бакодтой, ацахстой йæ, хисæрфæн ын йæ дзыхы батъыстой, йæ къухтæ йын фæстæрдæм сбастой æмæ йæ рахæрхæр кодтой семæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уацайраг разынд, бирæ æфсæддон сусæгдзинæдтæ чи зыдта, ахæм афицер. Иу хатт къæдз-мæдз фæндагыл цыдысты фæстæмæ хъæумæ Барысби æмæ гыццыл Хъалмыхъ. Цæуынц æнцадгай, фæйнæрдæм фæлгæсгæ, æнæуынæрæй. Бæрзонд рагъы бынмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ немыцаг хъалагъур ауыдта рагъæй... Фæхъæр кодта: "Хенде хох!" Барысби цæхгæр фæзылд æмæ Хъалмыхъыл ахæцыд: "Лидзгæ арсы лæгæтмæ фæстæмæ..." Уалынмæ пулеметы къæркъæр бæстæ сарыдта... Барысби йæ туг калгæ æрхмæ атылдис, сыфтæртæ, хæмпæлты 'хсæн аныгъуылд. Лæппу бамбæхст лæгæты æмæ уым йæ хъустыл æрцыди азæлдау: "Хъа-лымыхъ!" Уый уыди Барысбийы фæстаг хъæр. Æрталынг... Хъалмыхъ фæстæмæ раздæхт. Уынгæг коммæ æрхæццæ, агургæ цæуы. Æрæджиау йæ фыды уæлдзарм худ ауыдта къутæрты астæу. Чысыл фалдæр та мардæй хуыссы хъæуы разагъды лæг Барысби. Хъалмыхъ ныддæлгом йæ фыды мардыл, йæ цæнгтæ йыл айтыгъта, нал æй уæгъд кæны... Æхсæв куыд талынг кодта, афтæ Хъалмыхъ тынгдæр тарст, иуæй — немыцæй, иннæмæй та — бирæгътæй. Уыцы уысм лæппу йæ хъуыдыты лæг фестад, фæзынд æм лæджы ныфс, йæ фыды роны арф æмбæхст зыдта кард, сласта йæ æмæ марды алыварс халагъуд акодта, сыфтæртæй йæ æрæмбæрзта. Йæ мард фыды хъæбысы арф абырыд æмæ сусæгæй куыдта... Боны цъæхты къалиутæ рамбырд кодта, марды уæлæ сæ самадта. Куы 'рбабон, уæд йæхæдæг фæстæмæ аздæхт коммæ æмæ æндæр фæндагыл дон-дон рахъуызыдис хъæумæ. Фæсаходæнты æрбаирвæзт сæхимæ. Кæрты куы фæзынди фæллад, уазал æмæ тарстхуызæй, уæд йæ мад Мысырхан бакатай кодта, базыдта, бинонтыл цыдæр бæллæх æрцыд. Зæрдæдзæф куыннæ фæци уыцы æнæнхъæлæджы хабарæй. Фæлæ йын схъæр кæнæн нæ уыд. Немыц уый куы базоной, уæд иннæ бинонтыл дæр сæ маст акалдзысты. Хабар загътой æрмæст сыхаг зæронд лæг Кцойты Дзæрæхæн. Уый бинонтæн бафæдзæхста: "Уæхи ма фесафут, мацы ской кæнут. Уый бабын æмæ бабын, фæлæ ма бинонты цæмæн сафут?" Афтæ лæджы мард дзæгъæлæй баззад тар хъæды. Сыхæгтæ хъус-хъус кодтой, Барысби цыдæр фæцис, зæгъгæ. Кæрæдзи фарстой: "Цы фæуыдаид?.. Кæд ыл стонг бирæгъ бамбæлд?.."

Æхсæвыгæтты-иу бинонтæ сæ цæссыг нал урæдтой. Фæлæ цы сæ бон уыд? Баззади мæгуыр лæджы мард сау хъæды, цалынмæ немыц тард æрцыдысты, уæдмæ. Хъæу куы ссæрибар, уæд адæм Барысбийы æрластой æмæ йæ кадимæ баныгæдтой.

Хъалмыхъимæ иу азы гуырдтæ уыдыстæм мах. Нæ гыццылæй фæстæмæ æнæ кæрæдзи нæ фæрæзтам. Хæтæлдоны авдазон скъола иумæ фестæм каст. Иунæг Хъалмыхъ райста уыцы аз æвдисæндар иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Уый фæстæ ахуыр кодтам иумæ Дзæуджыхъæуы скъолайы æстæм къласы. Куыд ахуыр, афтæ æгъдауæй дæр æмæ хъаруйæ дæр не 'ппæтæй æххæстдæр уыд, цæуылфæнды дзырдтаид, хъусынæй йæм не 'фсæстыстæм. Æфсымæртæ цыппарæй дæр куыстуарзаг, хъæубæстæн уарзон уыдысты, Дыге сæ кæстæр уыд. Уæддæр Хъалмыхъ адæмæн æндæр ад кодта. Хæсты фæстæ хæлд хæдзарад йæ къахыл слæууын кæнын хъуыдис, æмæ мах дæр Хъалмыхъимæ æххуыс кодтам колхозæн. Мæн колхозы сæрдар Елуаты Дзамболат бафтыдта фосы фæдыл — куы бæхгæс, куы фыййау, куы родгæсæй. Хъалмыхъ та куыста быдыры. Уыцы азты йын йæ зæрдиаг куысты тыххæй лæвæрд æрцыд майдан "Фæллойадон сгуыхтдзинады тыххæй". Никуы мæ ферох уыдзæн, 1945 азы Хъалмыхъ æмæ Мысырхан се 'ккой сау чылауитæ тæсчъыты куыд хастой уæймæ Хæтæлдонæй Алагирмæ фистæгæй, уырдыгæй та поездæй — Дзæуджыхъæумæ. Базары-иу цы æхцайы муртæ райстой, уыдонæй-иу балхæдтой тетрæдтæ, чингуытæ, ручкæтæ, къарандæстæ. Æхца сфæстауæрц кæныны тыххæй фæстæмæ поезды нал, фæлæ горæтæй Хæтæлдонмæ цыдысты фистæгæй.

(Кæрон 4 фарсыл)

Нымæцон технологитæ

# Хъæлонтæ быфидынæн

**Цæрджытæн фæзынд исбоны, зæххы, транспорт æмæ æфтиæгты хъæлонтæ портал "Госуслуги"-йы фæрцы бафидыны фадат.**

Хъæлонты тыххæй хъусынгæнинæгтæ дæр райсæн ис амынд порталы. Нырæй фæстæмæ "Госуслуги"-йæ пайдагæнæг адæймагыл гæххæттын фыстæджытæм æнхъæлмæ кæсыны, стæй посты, науæд хъæлонты службæйы хайадмæ цæуыны хæс æвæрд нæ уыдзæн.

— Ног лæггад кусы æрмæст цæрджытæн. Лæггадимæ баиу уæвынæн адæймаджы хæс у Хъæлонты федералон службæмæ хъæлонты хъусынгæнинæгтæ райсыны фæдыл разыйы дзуапп барвитын æмæ къух уæлæфтуан "Госключ"-ы уæвæг куыирдиаты æрæвæрын. Æрвылаз хъусынгæнинæгтæ æрбафтынц 1 декабрæй — ома, хъæлон




ты бафысты кæройнаг æмгъуыдæй — æппынкъаддæр 30 боны раздæр, — загъта бæстæйы Нымæцон райрæзты министрады минæвар.

*("15-æм регион")*

Бынæттон хиуынаффæйад

# Муниципалон исбонадæй — паддзахадонмæ

**Дзæуджыхъæуы æвдæм æвзæрст Минæвæртты æмбырды радон сессийы архайджытæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй, уынгты тренажертæ, стæй гом футболон, баскетболон æмæ волейболон фæзтæ кæм уыдзæн, ахæм физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс фæзындзæн Заводы поселочы.**



Объекттæ муниципалон исбонадæй паддзахадон исбонадмæ радтыны хъуыддагмæ бар чи дары, фембæлды архайджытæ къорд ахæм фарстайыл æрныхас кодтой.

"Депутатты иумæйаг уынаффæйæ æмæ горæты Минæвæртты æмбырды уынаффæйы проектмæ гæсгæ, Заводы поселочы уæвæг, 13190 квадратон метры фæзуат ахсæг зæххы хай радтой паддзахадон исбонадмæ. Ацы зæххыл сараздзысты гом физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс", — фыст ис Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинаджы.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

"Иугонд Уæрæсе"-йæ

# Уалдзыгон сессийы бæрæггæнæнтæ

**Бæстæ бахъахъхъæнынхъом æмæ йæ хæдбардзинад ифтонгкæнынæн, сывæллонджын бинонтæ æмæ социалон æгъдауæй хъахъхъæд чи нæ цæуы, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысæн Президенты амынддзинæдтæ æххæстгæнæг закъæтты 40 проценты Паддзахадон Думæ сфидар кодта партийы хъæппæрисæй.**



Паддзахадон Думæйы уалдзыгон сессийы "Иугонд Уæрæсе"-йы фракцийы куыст бирæ хъуыддæгты хорзæрдæм фæзынд сæрмагонд операцийы архайдыл, фæнысан кодта фракцийы хатдзæгон æмбырды партийы Генсоветы нымæрдар **Андрей Турчак.**

Ацы уалдзæг фидаргонд цы ахсджиаг уынаффætæ æрцыдысты, уыдонимæ уый фæбæрæг кодта, хæдæфсæддонтæй Донбасс 2014 азæй фæстæмæ чи хъахъхъæдта, уыдонæн хæстон архайды ветераны ном лæвæрд кæй æрцыд, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн лæвар юридикон æххуыс кæй цæуы. Генсоветы нымæрдар рахицæн кодта, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй æбæрæгæй фесæфæг æмæ амæлæг хæстонтæн аккаг аргъ скæныны фæтк фæхуымæтæгдæр кæныны фарста. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ сывæллæттæн конд æрцыд уæлæмхасæн льготæтæ уæлдæр ахуырадмæ цæугæйæ. Хицæн квотæты уыдонæн бар ис бюджетон бынæттæм бацæуынæн æмæ цæттæгæнæн курсыты лæвар ахуыр кæнынæн.

Парти цы хъæппæристæ бахаста, уыдон æххæст кæнгæйæ, фылдæргонд æрцæуудзæн хæстоны социалон хъахъхъæнынад.

Фронтæн æххуысимæ "Иугонд Уæрæсе" æххæст кæны партийы адæмон программæ. "Уый царды рауадзыны тыххæй фидаргонд æрцыдысты закъæттæ скъолаты медицинæ райрæзын кæныны тыххæй, фидын цы фæндæгтыл хъæуы, уым сывæллæтты ласæг автобустæн лæвар цæуыны тыххæй, спортивон тренертæн æххуыс кæныны тыххæй, коллекторты æнæзакъон архайдæй гражданты хъахъхъæнынæн æмæ бирæ æндæртæ", — зæрдыл æрлæууын кодта Андрей Турчак.

Уый ма бафтыдта, зæгъгæ, сессийы кæрон Паддзахадон Думæ æркæсдзæн "Иугонд Уæрæсе"-йы закъоны проектмæ сæрдыгон æнæнизгæнæн лагерты сахъат сывæллæттæ æмæ, се 'нæниздзинад æххæст хорз кæмæн нæу, ахæм сабитæн фæллад уадзыны уавæртæ саразыны тыххæй.

Паддзахадон Думæйы "Иугонд Уæрæсе"-йы фракцийы разамонæг **Владимир Васильев** фæбæрæг кодта, зæгъгæ, фракцийы депутаттæ цы уынаффæтæ рахастой, уыдон дзуапп дæттынц ныртæккæйы æддагон æртхъирæнтæн æмæ аразынц фадæттæ социалон-экономикон рæзтæн.

"Дыккаг бакастмæ цæттæгонд цæуы закъоны проект куысты бынæттæ дæттыны тыххæй — уый арæзт у æгуыстдзинад фæкъаддæр кæнынмæ. Цæмæй закъонæй фидаргонд æрцæуа, уый Бетъырбухы дунеон экономикон форумы бахæс кодта Президент. Хъуамæ, сывæллæттæм, инвалидтæм, ацæргæ адæммæ чи зилы, уыцы граждæнтæн уа æнæкъуылымпы паддзахадон æххуыс, сæ пайдатæм сын нæ кæсгæйæ",— загъта уый.

Социалон къабазы партийы æххуысæй арæзт æрцыд нымæцон иугонд платформæ — уый фадат дæтты æнæкуырдиæттæй бирæ социалон æххуысты фæткæн. Ивд æрцыд, фæкæсынхъуаг бинонтæ нымад цы уавæртæм гæсгæ цыдысты, уый дæр. Бирæ арæзт æрцыд ахуырады къабазы, фидаргонд æрцыд мадæлдзинад æмæ сабидугимæ баст цалдæр закъоны проекты. Ноджы ма фидаргонд æрцыдысты закъæттæ, æфсадыл цъыфкалæн чи кæна æмæ бархионты тыххæй мæнг хабæрттæ чи парахат кæна, уыдоны æфхæрыны тыххæй.

Рагхыгъд егъау бæрнондзинад æвæрд цæуы террористтыл, диверсанттыл, Райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй рацæуджытыл.

**САНАТЫ Альбинæ**

Хуссар Ирыстон

# Æфсады службæмæ — цæттæйæ

**Цалдæр боны фæстæ, 6 августы, Хуссар Ирыстоны ног сидтонтæ æфсæддон ард бахæрдзысты. Уый тыххæй фехъусын кодта республикæйы Хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ.**



Ардбахæрд кадджын уавæры ацæудзæн министрады æфсæддон кæрты, уыдзысты дзы Хуссар Ирыстоны разамынды минæвæрттæ, æрыгон æфсæддонты хиуæттæ, хæстæджытæ æмæ æмбæлттæ.

Хæрз æрæджы сидтонтæ æртæ боны дæргъы уыдысты республикæйы Хъахъхъæнынады министрады ахуырадон центры, уым цыдысты фистæгæй дæргъвæтин фæлварæн балцы, хызтысты сæрмагонд цæлхдурты сæрты, лæвæрдтой хъæугæ нормативтæ æфсæддон-медицинон цæттæдзинадæй, æфсæддон топографийæ æмæ афтæ дарддæр.

# Ног суадон



**Хуссар Ирыстоны Ленингоры районы Цъинагары хъæуы цæрджыты рагæй фæндыд, цæмæй сæ райгуырæн хъæуы бæрæг астæу сырæза фæлладуадзæн бынат. Æмæ ныр сæ бæллиц царды æрцæудзæн — ахæм бынат бацæттæ кæнынмæ бавнæлдтой Ленингоры районы цæрæнуатон-коммуналон хадзарады кусджытæ. Уый тыххæй радзырдта районы администрацийы пресс-службæйы хицау Кокойты Аллæ. Уый куыд загъта, афтæмæй хъæубæсты цæрджыты фидæны фæлладуадзæн бынаты фæзындзысты рæсугъд газонтæ, ныссадздзысты дзы бæлæстæ, фылдæр зазтæ, уыдзæн дзы бандæттæ, цырæгътæ. Уымæй уæлдай ма дзы æрбацæуæг адæмæн уыдзæн сæ дойны басæттыны фадат гыццыл суадонæй.**

**Кокойты Аллæ ма бафтыдта йæ ныхасмæ, Цъинагары хъæуы фæлладуадзæн бынат кæй байгом уыдзæн ацы аз сентябры.**

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

Юбилей

# Уый иунæг ахæм у зæххыл. Плиты Нодар. Кафты базыртыл

**“Нал фæкафынц, кæй базæронд вæййынц, уый тыххæй нæ; базæронд вæййынц, куы нал фæкафынц, уæд”. Нывкæнынады аивады дæсны Джесси Ньюбери цыма Плиты Нодары цæргæбонты зыдта æмæ уый тыххæй загъта ацы ныхæстæ. Æцæгдзинадæй та, шотландиаг нывгæнæг йæ æцæг дунемæ куы ацыд, уымæй дыууæ мæйы фæстæдæр царды рухс федта нæ æрмæджы хъайтар — Уæрæсейы, Гуырдзыстоны, Абхаз æмæ Цæцæны сгуыхт артист, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артист ПЛИТЫ Нодар. Ууыл рацыд 75 азы.**

"Ахæм ран райгуырдтæн, æмæ мæ сабибонты бæхыл бадын, хъæбысæй хæцын æмæ къахдзонығътыл бырынæй уæлдай нæм æндæр ницы хъæзтытæ уыд. Велосипедыл цæуын абон дæр нæ зонын, мæ фыд мын æй цæмæй балхæдтаид, уый нæ уыд,"— зæгъы Нодар. Артем уæззау цæфтæй сыздæхт Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй, афтæмæй фыццаг къорды инвалид сси бинонты хицау, фæзынд ын æртæ фырты. Чысыл Нодары фæндаг хæдзарæй скъоламæ цыппар километры уыд. Æрвылбон, хур уа — къæвда, араст-иу, ахуыргæнджытæ зонындзинæдтæ æнæвгъау кæм лæвæрдтой, уыцы ранмæ — скъоламæ. Зымæгон дзы, зæгъы, мит астæумæ уарыд.

"Рæзыдтæн спартанæвонæй, ныр дæр фистæгæй ацæуын Доны станцæмæ, Дендраримæ, Тарскæйы 'фцæгмæ. Æрвылрайсом мæ бон уыдæттæй райдайы, стæй рахизын сæрбихъуырæйттæм, нуæрттæ фидар кæнынмæ, гуыбыны цъарыл бырынмæ, згъорынмæ, гæппытæ кæнынмæ. Цæмæй кафынмæ арæхсай, уый тыххæй буарыл дæ бон хъуамæ моделы хуызæн цæуа" — мидбылты худы ме 'мныхасгæнæг. Кæд йæ æвдай фондз азы сæрты акаст, уæддæр "саджы фисынтыл амад" Плийы-фырты хуызæттæй фæзæгъынц.

"Боржомы районы Гудзареты хъæу — мæ райгуырæн бæстæ. Бæгъæввадæй кæм згъордтон, кæм схъомыл дæн, скъола каст кæм фæдæн, уырдæм мæ тынг фæнды ацæуын, æртын фондз азæй фылдæр дзы нал уыдтæн. Фæлæ тæрсын, исты кæндзынæн, мæ хъæу, нæ уæлмæрдтæ куы фенон, уæд". Йæ хъынцъым æнæнхъæлæджы нæу: йе 'фсымæрæн фыдæлты бынат бабæрæг кæныны фæстæ йæ цард æнæнхъæлæджы æрдæгыл аскъуыд, нæ ныббыхсыд йæ уд...

Йæхи цы хъуыды кæны Нодар, уæдæй кафты базыртыл сгары æрвгæрæттæ. Хуымæтæг хъæуккаг лæппуйы зæрдæйы уыцы цырагъ чи ссыгъта æмæ йæ зæры бонмæ æрмынæг кæнын чи нæ уадзы, уый, æвæццæгæн, æрдзæй лæвæрд курдиат æмæ сфæлдыстадыл аудæг уæларвон тыхты фæрцы у. Адæймаджы зындзинæдты сæрты хизынæн тых чи дæтты, хъысмæты цæлхъытæй йæ фæдæлдон кæнын чи нæ уадзы, аргъауы цъиуау, сау æвзалыйау, басудзыны фæстæ чи сног вæййы, уыцы æрдзон курдиаты тых. Йæ царды алы рæстæджыты йæ уыцы тых æрбакодта Цæгат Ирыстоны ансамбл "Алан"-мæ, Хуссар Ирыстоны ансамбл "Симд"-мæ, уыд Гуырдзыстоны Сухишвили æмæ Рамишвилийы адæмон кафты ансамблы балеты артист. "16 азы Гуырдзыйы ансамблы фæкафыдтæн, цæугæ та Байаты Альбинæйы тыххæй акодтон. Дыккаг ахæм адæймаг нал уыдзæн махмæ, æмæ йыл цы цъыфкалæн фæкодтой, коллектив ын йæ ныхмæ скодтой. Йæ ныхмæ фыстæг бафыссыныл не сразы дæн, æмæ мын алы знаггад кодтой: куыиу мын мæ хæдтулгæйы цалх суагътой, науæд ыниу йæ фарс ныххафтой, куы та йыл-иу æнæзæрдæмæдзæугæ ныхæстæ ныффыстой. Сыстадтæн æмæ Гуырдзыстоны ансамблмæ ацыдтæн. Мæ цæстытæ цæхæр акалдтой, куыд кафынц, уый куы федтон, уæд. Ахъуыды кæн, уыцы титултимæ дæр сыл æз ахуыр кодтон!

Цæмæй кæцыдæр адæмыхатты кафт сæвæрай, уый тыххæй хъуамæ се 'хсæн иуцасдæр фæуай æмæ сын сæ ахаст банкъарай. Смартфонмæ кæсгæйæ, уый дæ къухы нæ бафтдзæн. Ме 'рбацыдыл тынг бацин кодтой, хæдзар мын радтой, царды, уый хорз æмбары. Ныгуылæн, зæгъы, йæ рæстæджы не 'спайда кодта Советон Цæдисы фехæлды уавæрæй. Цы 'рцыд, уый тыххæй 1945 азы хæсты фæстæ Аллен Даллес фыста, зæгъгæ, Советон Цæдисыл ракетæтæ æмæ сармадзантæй нæ фæтых уыдзыстæм, сындæггай Уæрæ-



сейы адæмы фесафдзыстæм æнæгъдаудзинады фæрцы, паддзахады разамынды сæмтæры кæндзыстæм. Уæрæсе хъавыдысты ныддихтæ кæнын. "Æнтысгæ дæр сын бакодта, нæ амондæн, кæронмæ — нæ. Æрчъицыдтам, фæстæмæ архайæм нæ хæзнатæ сног кæныныл. Ахсджиаг у компьютерты æнусы фæсивæды химбарынадыл кусын, царды цыды хъуамæ зоной, чи сты, сылгоймаг æмæ нæлгоймагыл цы хæстæ ис æвæрд æмæ ныгуылæйнæгты ма фæзмой. Амырычы Центрон сгарæг управлени хорз кусы фæсивæды зондахаст иннæрдæм кæныныл.

гомбуарæй рацу-бацу кодтой, бирæтæ дзы — наркотикты уацары.

Идеологи хъуамæ уа, суанг равдауæндæттæ æмæ скъолатæй райдай æмæ иннæ рæттæй фæу. Мæ рæстæджы ногдзаутæ æмæ фæскомцæдисонты рæнхъытæм нæ истой, ГТО-йы нормативтæ чи не 'ххæст кодта, фыдуаг чи уыд, ахуыр кæнын кæй нæ фæндыд, уыдоны. Лæмæгъ сты рæзгæ фæлтæр, фæлæ кæй аххос у? Терк, фæсæфцæг Къобы сæрмæ цы стыр суадон æвзæры, уымæй райдайы денджызмæ йæ фæндаг. Афтæ — сывæллон дæр. Архайын, цæмæй, цы фæсивæдимæ кусын, уыдон хъæддых уой, фæлæ æппæт дæр бинонтæй райдайы, сывæллон арф уидæгтæ бинонты 'хсæн ауадзы,"- йæ хъуыдытæ хурмæ калы Нодар.

"Зонут, Илья Сухишвили мæнæй хуыздæр дзырдта иронау, Сохитæй уыд. Йæ лæппу Тенгизæн-иу куы бауайдзæф кодтон, иронау цæуылнæ зоныс, зæгъгæ, уæд-иу, азымджынау, арæх мын бауайдзæф кæнынц, иронау кæй нæ зонын, уый тыххæй, фæлæ алы ран дæр гуырдзиагау ахуыр кодтон, кæм базыдтаин иронау, зæгъгæ-иу уыд йæ дзуапп. Байаты Альбинæимæ хо æмæ æфсымæры хуызæн уыдысты. Ансамблы ныры разамонæг, йæ чызг Нино нæ сæтты, ирон кæй у, ууыл," — дарддæр йæ ныхас хæццæ кæны Нодар.

Кафты дæсны Игорь Моисеев афтæ дзырдта: "Кавказ хъæздыг у зарджытæй, хъæбысæй хæцынæй, бæхтæй, кæфтытæй. Фæлæ дзы ис дыууæ кафты, Цæгаты — "Хонгæ кафт", Хуссары — "Картули". Иннæтæй дæр ницы зæгъæн ис, аив сты. Фæлæ, къароly йæ фæс-

дзæуинтæ кæнынц!". "Дæумæ гæсгæ, Илья æмæ Нино "Симд" Гуырдзыстоны ансамблы программæйы кæронбæттæны хуымæтæджы сæвæрдтой? Нæ, уыдон зондджын уыдысты, æмбæрстой, "Ирон хонгæ"-йы тых æмæ ахадындзинад æгæрон кæй уыдысты, уый", — зæгъы Плийы-фырт. Дыууæ кафты дæр кодта Нодар, адæм цалдæргай хæттыты цыдысты сæ фенынмæ.

"Афгайнаг конференцийы архайджытæн концертон программæйы архайынмæ мæ акодта Игорь Александры фырт, зæрдæ дыл дары, зæгъгæ, мын мæ бинойнаг дзырдта, фæлæ æз хуымæтæг лæппу уыдтæн, Моисеев та уыд дунейы хуыздæр хореографтæй иу! Концерты фæстæ мын афтæ: "Мæскуымæ куы ссæуай, уæд дыккаг бон мæнмæ æрбацæудзынæ. Ирыстон кæм ис, уый ферох кæн!". Иннæ бон æфсæнвæндаджы вагзалмæ ацыдтæн, поезды сбадтæн æмæ хæдзармæ рафардæг дæн, Байаты Альбинæйы иунæгæй куыд ныууагътаин," — æвæсмонæй дзуры кафты дæсны.

тыл, агуырдта курдиæттæ. Мæскуыйæ, Ленинградæй æрбахуыдта балетмейстерты. Ханум Дербазианийы — Азербайджанæй, Роман Чохолидзейы — Гуырдзыйæ. Уæд бамбæрстон, кафын куыд хъæуы, уый, æмæ мæхицæн загътон. "Ай æцæгæйдæр мæн у!". Хъæбæлоты Билар нæ мæй иу хатт бæрæг кодта, уыдта, цы къуындæг уавæрты кусæм (нывгæнджытимæ нын иу агъуыст уыд) æмæ бацархайдта ансамбл "Алан"-æн хи агъуыст саразыныл. Æххæст дæр æй скодта. Уыцы рæстæг аивгъуыдта...

Нодар, дам, сывæллæттимæ йæхæдæг фылдæр кафы. Дæхæдæг сын куы нæ фенын кæнай, уæд цæмæй зонынц, Дагестаны кæнæ Латинаг Амырычы куыд кафынц, уый. Ансамблтæм кафджытæ кæцæй хъуамæ æрбацæуа, нæхимæ сæ куы нæ цæттæ кæнæм, уæд? Номдзыд коллективты зæрдæты чи хиза, ахæм кæфтытæ æвæрын хъæуы. Фæндыд мæ "Алан"-ы исты саразын — нæ рауад. Хореографты ног фæлтæрæй Суанты Валерийы хуызæн аргъ никæмæн кæнын, курдиатджын балетмейстер у.

Сывæллæттимæ куы фæкусын, уæд равзарын кæцыдæр адæмыхатты кафт, музыкæ куы нæ хъусон, уæд куырм æмæ къуырма вæййын. Куыддæр райхъуысы, афтæ æппæт дæр мæ зæрдыл æрлæууы, æмæ ма кафыс — нал! Беслæны кæфтыты скъолайы программæйы нын ис аст кафты, цæуынц сывæллæтты, стæй мæхи зæрдæмæ дæр. Райсомы фараст сахатæй изæры авдмæ дæн мæ куысты уæлхъус Беслæны, Октябрыхъæуы, Æрыдоны фыццæгæм скъолайы. Сывæллоны хъуамæ хъомыл кæнай скæсæйнаг зонындзинадмæ гæсгæ: сынтæджы цæхгæрмæ куы хуысса, хъомыл кæнын æй уæд хъæуы, дæргъмæ дзы куы схуысса, уæд байрæджы. Ис мæм курдиатджын фæсивæд. Сæхицæн, сæ ныййарджытæн фæзæгъын: цæуыл сæ ахуыр кæнын, уый фаг нæу. Дарддæр сæ хъæуы Мæскуыйы, Бетъырбухы, Ростовы ахуыр кæнын. Цы кусын семæ, уыцы рæстæгмæ бирæтæ ацыдысты æмæ кафынц Каталонийы, Мæскуыйы, Бетъырбухы, Минскы, Гуырдзыйы ансамблты. Цыппарæй Уренгойы сты, иутæ та Налцыччы ахуыр кæнынц. Кафæг æвзæр дæсныйад нæу, чидæртæ йæ кæд хæлдыл нымайынц, уæддæр. Ныр ахæм рæстæг у, кæимæ аныхас кæнай, уынаффæ кæимæ бакæнай, уый нæй. Æдзух афтæ фæдзурын: абон, ныр, ацы уысм, райсом байрæджы уыдзæн. Мæ рæстæг афтæ тагъд атахт, æмæ фæстæмæ дæр нал фæкаст. Мæ буары фæллад никуы банкъардтон, бæрндзинадæй бафæллайын. Кæмфæнды ма уон, уæлдайдæр нæхимæ — мæ кусгæ бон-иу райдыдта астыл æмæ фæцис æртæ сахатыл, хæдзармæ-иу æппæты фæстæ ацыдтæн. Къуыригæйттæ цайыл уыдтæн, цæмæй мæм райсом чи 'рбацæуа кæсынмæ, уый ма зæгъа, никуыуал æрбацæудзынæн концертмæ, зæгъгæ. Цыбыр æмгъуыд нын ис, нæ царды бирæ алыхуызон адæймæгтæ вæййы, уыдисты мæ царды дæр..."




мæйы фæстæ мæ гастролты акодтой Англисмæ, Шотландимæ, уый фæстæ Ирландимæ æмæ Гренландимæ. Уагæвæрд та амоны, ног кусæджы æрмæст хъуамæ афæдзы фæстæ кæной гастролты. Афтæмæй æрзылдтæн дунейыл", — зæгъы номдзыд кафæг.

Хатыр ракурыны фæстæ йæ ныхас дарддæр ахæццæ кодта Нодар, хатыр та, йæ ныхæстæ йæм æгæр карз кæй фæкастысты, уый тыххæй ракуырдта. Мæ туг æмæ хид, зæгъы, калдтон, æппæт дæр арæзтон, цæмæй æгас дунейы дæр базоной, ирон адæм чи сты, кæм цæрынц, цы 'гъдауыл хæст сты. “Фæсарæнты-иу картæ рахастой, кæм ис Ирыстон, уый нын равдис, зæгъгæ. Нæ истори, культурæ, æгъдæуттæ хорз кæй зонын, уый мын стыр æххуыс уыд ацы хъуыддаджы".

Советон скъолайы ахуыр кодтон, зæгъы, ныр та цы? Æстæм къласы ахуырдзау нæ зоны Къостайы сфæлдыстадæй иу æмдзæвгæ дæр! Уый та куыд у? Секъайы "Азау æмæ Таймураз"-ы куыд хъуамæ ма бакæсай, Къостайы "Фатимæ"-йы куыд хъуамæ нæ зонай? Цы аивадон киноныв ыл систой, уый æвæджиау кафæджы зæрдæйы голливудаг "Ромео æмæ Джульеттæ"-йæ уæлдæр æвæрд у!

Патриотон хъомылад æнæмæнгхъæугæ хъуыддаг кæй у паддзахады

Æз сæрыстыр дæн, уæрæсейаг кæй дæн, Уæрæсейы кæй цæрын, уымæй. Зæххы къорийыл æрзылдтæн, фæлæ алы хатт дæр Ирыстонмæ, хæдзармæ уыд мæ фæндаг. Нæ тырнын хъæздыгдзинадмæ. Нуриев, Барышников ацыдысты Уæрæсейæ æмæ цæрæнбонты фæсмойнаг фесты.

Бирæ рæтты уыдтæн, фæлæ, махмæ сæхи куыд дарынц, афтæ никуы федтон. Уыдтæн суанг хиппиты королевæйы райгуырæн боны дæр, дунейы алы рæттæй йæм æрбацыдысты. Аргъауы кæлæнгæнæг усы хæдзары 'нгæс уыд йæ цæрæнуат. Хиппитæ тох кæнынц хъæздыгдзинады ныхмæ, сæхæдæг кæд хъæздгуыты цот сты, уæддæр. Сæхи куыд дардтой? Никуыд,

лæ, къаролы йæ фæс-

Плиты Нодарæн "Картули"йæ уарзондæр кафт у, кæд йе сфæлдыстады алы кафт дæр арæзт алмаси уыд, уæддæр. Калачы лæвардтой концерт, "Гуырдзиаг сюитæ" фæуд кодта ацы кафтæй. Нугзар Джикури-кафæгæн йæ фыд амард, уæдæ йæ чи акафдзæн, зæгъгæ, сагъæсы бацыдысты. Нодар уæд "Симд"-ы кæронбæттæны "Хонгæ" кафыд. Нино Рамишвили, цæстæй кæйдæр агургæйæ, залмæ дзуры: "Уыцы æрыгон лæппу кæм ис, фæдзурут-ма Нодармæ. Абон Русуданимæ кафдзынæ "Картули" Ацы кафт Фридон Солоперидзейы хуызæн ничи кодта, тынг фæцыд йæ зæрдæмæ йæхицæй кæстæр Нодары къахайст. Бæргæ нæ разы кодта ирон лæппу гуырдзиаг кафт кæнынмæ, нæ сарæхсдзынæн, зæгъгæ. Фæлæ къорды мидæг дзырд "нæ"-йæн бынат нæ уыд.

"Кафты хабар афтæ у: дæ бон нæу цæцæйнаг кафт кæнын, уæд æй ма кæн! Хъуамæ йæ афтæ акафай, æмæ цæцæйнаг "чи у", зæгъгæ, куыд бафæрса, нæхицæй йæ хуыздæр кафы. Гъе, ахæм у нæ дæсныйад! Хъыг сын вæййы, нæ циндзинады алы адæмыхæттыты кæфтытæ кæнынмæ куы рахизынц, уæд уый. Мах, дам, афтæ нæ кафæм. Нæ зоныс — ма йæ кæн!" — зонд амоны кафты дæсны.

"Йæ рæстæджы Цъебойты Лидæ зылд хъæу-

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Поэзийы уылæнтæ



**КОЛИТИ Витали**

## Анфисæн

***Ду нæбал дæ, мæ мадæ,***
***Æз кæнун æрхунбадæ,***
***Куд хъæбæр æрфæндуй мæ дæ цормæ.***
***Кæрæдзей уотæ уарзгæй,***
***Æнæ мæн нæ фæразгæй,***
***Ду мæнæй куд райдард дæ изолмæ.***
***А дуйне — цæрæццаг æй,***
***Æз ба си æгъиццагæй,***
***Бонуоддæртæ кæнун æнирадæй.***
***Куд зин мин æй цæрун,***
***Уой мæ уод лæдæруй,***
***Уæд кæми дæ, кæми, ду, мæ мадæ?!.***
***Æрæгиауи фæсмони***
***Æз цæрун дæ тæрхонæй,***
***Лæдæрун, фудгин адтæн дæ рази.***
***Уæддæр ма мæ мæ фуни***
***Ке никкæни дæ хъури,***
***Уомæй дæр Стур Хуцауæй арази.***

## Нæ цох кæнис мæ зæрдæй

*(Зæгæлти Тамикки номбæл)*

*Дæ цардæн фæрраздæр дæ е 'нгъудæй,*
*Нур дæр ма ниррезун дæ мæрдæй.*
*Нур цал анзи фæд-фæд раевгъудæй,*
*Нæ цох кæнис уæддæр мæ зæрдæй.*

*Синхи кæстæр, нæ уарзон бæдолæ,*
*Дууæ къохи реубæл æвæрдæй...*
*Мæри хæццæ исдæ æмидолæ,*
*Нæ цох кæнис уæддæр мæ зæрдæй...*

*Сæргубурæй лæуун цирти рази,*
*Рагъазта цæстæбæл дæ сорæт.*
*0, Хуцау! Куд ди уон, куд, арази,*
*Кæд бунтон æнæраст фæууис, уæд.*

*Хуæрзигурд, фæлмæн уод, фурæвзонгæй*
*Куд бакодтай, ду уой, цирти хай...*
*Дæ рахес, дæ галеу нæма зонгæй,*
*Ци рист кодтай, ци зин уодагъай.*

*Ци цийнитæ кæнисæ дæ деси,*
*Ци зæрддагон адтæ, ци стур нифс.*
*Кæддæр дæ рæвдудтон мæ гъæбеси,*
*Нур мæмæ цирти дорæй кæсис.*

*Дæу феронх ун зæрдæ куд нæ комуй,*
*Мæ Тамик, дæуæй ма корæг дæн.*
*Ци дуйнемæ бацудтæ, гъе уоми*
*Кæстæреуæг кæнæ нæ мæрдтæн...*

## Тæрсун...

*Л-мæ*

***Ма мин корæ æппун цæрæнбон,***
***Æхе барæ ниууадзæ Хуцауи.***
***Кæд адтæй лæги цард æ фæндон,***
***Фæлтау мæ дæ урзæй барæвдауæ.***

***Мæлæтбæл æппундæр нæ тухсун,***
***Цæрон ма, е мабал æригъал уон.***
***Æрмæстдæр еу гъуддагæй тæрсун, -***
***Есгæд дæ уарзунгъон ку нæбал уон...***

❃ ❃ ❃

*Тæходуйаг, дæ гъæбеси*
*Ке рæвдаудзæнæ фæлмæн.*
*Æз ба уотид ме 'стур деси*
*Еугур фахъæра ниддæн.*

*Мæ зундæй æй ку лæдæрун, —*
*Ке некæд уодзæнæ мæн,*
*Уæддæр дæмæ куд фæббæллун,*
*Ке бафарстæ уа: — цæмæн?*

*Барвæндонæй дæ цагъайраг.*
*Цæмæн ниддæн — ихæлдзæн.*
*Мæ сæр фæууа мæгурдæйраг,*
*Дæумæ тайгæй ка мæлдзæй.*

*Ци 'й дæуæн? Дæ цард дæ барæ,*
*Æвгæрдуй мæн ба æрхæн.*
*0, мæ уоди гъезæмарæ,*
*О, мæ зæрди сонт тæлæн...*

## Билæги дон

***Арви цъæх нирримæхсгæй дæ хурфи,***
***Фæууадзгæй и уæлтегътæ Билæг.***
***Рæсугъдадæ ку 'сеу æй дæ гулфи,***
***Цæмæн æй дæ хауæн уæд ниллæг?..***

***Тугул дортæ цæхъалти нихъолгæ,***
***Кумæ кæнис æдзох æмпурсæн.***
***Зуриуæттæ билгонмæ æнцъолгæ,***
***Куд нецæмæй дин ес фæттæрсæн?..***

***Батухтай дæ уолæн цилле хизи,***
***Дæ уиндæ дæр цæстæн æхцæуæн.***
***Бацæугæй агайнæгтæ дæ хузи,***
***Æрковунцæ ниллæг Æхсæуæн.***

***Хуæздæр дзенет цæстæ ку нæ коруй,***
***Æцæг дзенет ку æй дæуæн уагъд...***
***Уæд дæ зæрдæ будур куд агоруй,***
***Цæмæн имæ кæнис уотæ тагъд?***

***Цæстисугау — кæдзос дæ æртæхтæ, —***
***Дæ фалдзостæ кæнгæй рæдзæхсæн.***
***Æви кæмтти уиндæй исзæрдцъæх дæ,***
***Фал куд ес нæ хуæнхтæй æртæсæн?..***

***Дæ дони 'схупп лæгæн уоди хуасæ,***
***Æрмæстдæр... Еунæг уой ди корæн: —***
***Адæмæн сæ риститæ фæлласæ,***
***Дæ рæсог ба уадзæ Дигорæн...***

## Спортивон фидиуæг



### Уæззау атлетикæ

# Нæ фæсивæдмæ — авд хæрзиуæджы

**Республикæ Мордовийы сæйраг горæт Саранскы 24-30 июлы уæззау атлетикæйæ цыдысты Уæрæсейы 1-аг бынат бацахсыныл ерыстæ фæсивæды (23 азы онг) 'хсæн.**

Уæрæсейы тыхджындæр атлеттимæ ерысты сæхи сæрæнæй равдыстой ирыстойнаг лæппутæ дæр, æмæ сын бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын. Уыдонæй дыууæ сты сыгъзæрин, дыууæ — æвзист, æртæ та бронзæ майдантæ.

Сыгъзæрин майдантæ рамбылдтой Уæрæсейы сгуыхт тренер **Золойты Хъазыбеджы** хъомылгæнинаг **Теблойты Сæрмæт** æмæ ССР Цæдисы спорты сгуыхт мастер **Акъоты Артуры** хъомылгæнинаг **Абайты Мурат**.

Теблойты Сæрмæт 102 кг онг уæзы дыууæ хуызы систа 365 (168+197) æмæ бацахста 1-аг бынат.

Афтæ æнтыстджын рауад Абайты Мураты архайд дæр 109 кг онг уæзы. Мурат фыццаг хуызы ерысы уыциу ист скодта 170 кг. Йæ риуæй та сысхуыста 192 кг æмæ дыууæ хуызы равдыста 362 кг. Уый бæрц сисын йæ ныхмæлæууджытæй никæмæн бантыст æмæ бацахста 1-аг бынат.

61 кг онг уæзы фыццаг бынат бацахсынмæ тырныдта **Наниты Руслан** æмæ **Аланы** хъомылгæнинаг **Оганес Вардеваньян** дæр. Уый дыууæ хуызы систа 239 кг (105+134) æмæ уыцы бæрæггæнæнтимæ рацыд дыккаг бынатмæ. Йæ разæй 1-аг бынат рамбылдта Бетъырбухы минæвар **Кирилл Рябых**. Уымæн дыууæ хуызы бантыст сисын 247 кг (112+135). Зæгъын хъæуы




уый, æмæ Оганесæн дыууæ мæйы размæ йæ къух фæцæф, æмæ йæ уый бахъыгдардта.

Нæ лæппутæй 2-аг æвзист майдан рамбулæг ссис **Годжыцаты Дмитри** (йæ тренертæ **Кодзаты Андрей** æмæ **Артур**). 109 кг онг уæзы Дмитри дыууæ хуызы систа 352 кг (156+196) æмæ Абайты Мураты фæстæ бацахста 2-аг бынат.

102 кг онг уæзы 3-аг бынат бацахста **Хадаты Сослæнбег** (йæ тренер **Бидеты Алан**). Сослæнбегæн дыууæ хуызы сисын бантыст 345 кг (150+195).

Уæззау уæзы (+109 кг) 3-аг бынатмæ рацыд **Мерденты Арсен** (йæ тренертæ **Мерденты Уырызмæг** æмæ **Кристинæ**). Арсен дыууæ хуызы равдыста 371 кг (165+206).

Ирон лæппутæй ма 3-аг бынат бацахста **Санаты Дзамболат** (йæ тренер Гаситы Руслан). 81 кг онг уæзы Дзамболат равдыста 305 кг (135+170).

Нæ лæппутæй ма 3-аг бынатмæ рацæуынмæ хæстæг уыдис **Багаты Владимир** (йæ тренертæ Кодзаты Андрей æмæ Артур). 109 кг онг уæзы Владимир систа 345 кг (150+195) æмæ æрлæууыд 4-æм бынатыл.

Афтæ рауад **Теблойты Азæмæты** архайд дæр, 96 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ. Уый равдыста 340 кг (154+186). Йæ тренер у, Саранскы нæ командæйы разамонæг чи уыд, уый — **Хъайсынты Марат**.

РЦИ-Аланийы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** нæ фæсивæды архайд банымадта хорз æнтыстыл. "Нæ лæппутæ та сæ архайдæй равдыстой, нæ республикæйы уæззау атлетикæйы спорт бæрзонд æвæрд кæй у, уый. Кæд нæ уавæртæ æппæтæй хорз не сты, уæддæр стæм Уæрæсейы хуыздæртимæ нымад. Уый тыххæй зæрдиаг арфæ кæнæм нæ фæсивæдæн, сæ тренертæ æмæ ныййарджытæн!"

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Радон номыр

# Дзæуджыхъæуы наукон центры журналыл афæлгæст

**Æрæджы мыхуыры рацыд Абайты Васойы номыл Уæрæсейы Наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры журнал "Фидиуæджы" дыккæгæм номыр 2023 азæн.**

Радон номыр гом кæны рубрикæ "Гуманитарон хронографы". Йæ амонæг, филологон наукæты доктор **Хуыгаты Ирлан** журналкæсджыты рæгъмæ хæссы зындгонд швейцариаг ахуыргонд æмæ философ Карл Густав Юнгы 1945 азы 11 майы интервью швейцариаг газет "Die Weltwoch"-йæн ахæм сæргондимæ "Я знаю, что демоны существуют". Йæ хъуыдыты Юнг хатдзæгтæ кæны Фыдыбæстæйы Стыр хæстæн æмæ дæтты цымыдисаг цæстдарды бæрæггæнæнтæ æнæхъæн дзыллæты психологийæн.

"Фыдыбæстæйы къуым"-ы рубрикæйы мыхуыргонд цæуы историон наукæты кандидат **Чсиаты Владимиры** уац "Памятники истории и культуры эпохи древности и средневековья у с. Дзивгис в Алагирском районе РСО-Алания". Рагон Дзывгъисы хъахъхъæнæн комплекс кæм æрбынат кодта, уымæ гæсгæ йын уыд стыр ахадындзинад, æппæт Куырттаты комы цæрджыты дæр знæгтæй бахъахъхъæныны æмæ, уыцы фæндагыл цы каравантæ цыд, уыдон бæрæг кæныны хъуыддаджы.

Историон наукæты кандидат **Гоститы Ларисæйы** уацы "В.Ф. Миллер и М.К. Гарданов: научные связи в области осетиноведения" бæрæггонд цæуынц зындгонд уырыссаг ахуыргонд В.Миллеры æмæ рухстауæг, ахуыргæнæг, этнографион æрмæджытæ æмæ дыгурон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмбырдгæнæг Гарданты Михалы наукон бастдзинæдтæ.

Литературæ æмæ аивады уæрæсейаг паддзахадон архивы фондæй иртæстгонд æрцыдысты Михаил Гардановы цыппар фыстæджы ахуыргондмæ. Бæрæггонд æрцыд Гардановы архайд Всеволод Миллеры фидæны æмбырдгонд "Дигорские сказания по записям дигорцев И.Т. Собиева, К.С. Гарданова и С.А. Туккаева" æмæ Всеволод Миллеры "Осетино-русско-немецкий словарь"-ы арæзтады.

Историон наукæты доктор **Дзидзойты Валери** æмæ философон наукæты кандидат **Дзугаты Къостайы** иумæйаг куыст Хуссар Ирыстоны 1937-1938 азты репресситы тыххæй æвдисы ныры ахастдзинад репресситæм Хуссар Ирыстоны. Мыхуыргонд цæуы, репрессигонд чи рцыд, уыдоны номхыгъд, архивты фæстаг бæрæггæнæнтæ уый тыххæй.

Историон наукæты кандидат **Бæтæгаты Людмилæйы** уацы æвдыст цæуы, Советон Цæдис 1930 азты цы егъау куыст кодта, адæмты хæстон-техникон æмæ идейон цæттæдзинад бæстæ æддаг знæгтæй бахъахъхъæныны хъуыддаджы.

Историон наукæты кандидат **Жираслан Кагазежевы** уацы (Кæсæг-Балхъары наукон центр) ныхас цæуы черкестæ æмæ тæ-




тæр-манголты æнгом ахастдзинæдты тыххæй. Уыцы рæстæджы феодалон дуджы зынгæ архайæг Черкес-ханы бынат историйы. Бирæ азты дæргъы уый разамынд лæвæрдта Сыгъзæрин Ордайы æфсæдтæн. Фæлæ йын кæд историйы стыр ахадындзинад уыд, уæддæр ыл сæрмагонд иртасæн куыстытæ нæ цыд. Фыццаг хатт ацы уацы ныхас цæуы, черкесаг хæстонтæ Чингис-ханы æфсæдты рæнхъыты кæй хæцыдысты, уый тыххæй.

"Этнологи"-йы рубрикæйы мыхуыргонд цæуы историон наукæты кандидат **Хадыхъаты Алинæйы** уац этникон адæймаджы фæлгонцы тыххæй. Автор йæхæдæг цы æрмæджытæ æрæмбырд кодта, уыдоны бындурыл иртæстгонд цæуы историон феномен, æмæ "этникон адæймаг" барст цæуы нырыккон ирон адæймагимæ.

Ирыстоны зындгонд фыссæг **Хуыгаты Сергейыл** ацы аз майы мæйы сæххæст 90 азы. Поэт, прозаик, литературон критик йе сфæлдыстадæй стыр æвæрæн бахаста ирон литературæмæ. Юбилейы кадæн журналы мыхуыргонд цæуы Хуыгаты Сергейы драмæ "Нарт Фарнæг"-æй скъуыддзаг, юбилярæн арфæ кæнынц, йе сфæлдыстадæн ын стыр аргъ чи кæны, уыдон. Рубрикæ "Литературæиртасынады фарстатæ"-йы мыхуыргонд цæуы историон наукæты кандидат Тъехты Тамерланы æрмæг "И смешна наша жизнь, и грустна... О трагикомическом в творчестве Сергея Хугаева". Классикы юбилеймæ цы 'рмæг рацыд, уым иртæстгонд цæуынц йæ сатирикон-юмористон радзырдтæ.

Историон наукæты доктор Цыбырты Людвигы очерк адæм æмæ чингуыты тыххæй цымыдисы æфтауы йæ мысинæгтæй. Равдыста дзы, ирон культурæ æмæ ирон æвзагзонынады стыр ахадындзинад кæмæн ис, ахæм иртасæн куыстытæ: "Ирон адæмы зæххыкуысты къæлиндар", "Периодическая печать об Осетии и осетинах", "Осетинская этнографическая энциклопедия".

Дарддæр ма журналы мыхуыргонд цæуынц бирæ цымыдисаг æрмæджытæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

## Равдыст

# Донбасс æмæ Украинæйы сывæллæттæн

**Æрæджы нæ республикæйы Æхсæнадон куыстуæтты хæдзары уыд "Культурон-зонадон туризм "Аланыстоны фæндæгтæ"-йы проекты ног афоныл æрныхасы æмбырд. Ацы проект ссис Æппæтуæрæсеон фæсивæдон экологион форум "Экология. Заповедный край"-ы грантон конкурсы уæлахиздзау, йæ автор у ГÆБÆРАТЫ Кристинæ.**

Донбасс æмæ Украинæйы сывæллæттæ зонгæ кæнынц Ирыстоны культурæ æмæ 'гъдæуттимæ. Ахсджиаг хъуыддаг у, абон уыцы сывæллæттæм фæкæсын, баххуыс сын кæнын æмæ сын сæ зæрдæтæ барухс кæнын. Уазджыты ахуыр кæнынц национ хæринæгтæ кæнын, зонгæ сæ кæнынц ахсджиаг бынæттимæ. Ныры онг сын бантыст фенын Дыгургом, Алагиры ком æмæ бирæ æндæр бынæттæ. Фæлладуадзынæн сын хорз уавæртæ сарæзтой санаторитæ "Æвзонгад", "Ирыстон", æмæ "Тæмискъ".

— Абон ам цы уазджытæ ис, уыдонимæ аныхас кæндзыстæм æмæ, сæ фæндонтæ хынцгæйæ, ивдзыстæм фæлладуадзæн бынæттæ, кæндзыстæм сæ, цы бынæттæ нæма зонынц, ахæмтæм. Уымæй уæлдай, фæстæдæр Нары Хетæгкаты Къостайы гуырæнбонмæ бацæттæ кæндзыстæм фестивал "Хетæгкаты Къостайы аивад", — загъта Инвалид сывæллæтты реабилитацион центр "Аланыстон"-ы разамонæг **Хабæты Хандзарифæ**.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## Лыггæнинаг фарста

# Сывæллонмæ балæбурдта

**Адæм Дзæуджыхъæуы "Владпитомник"-мæ кæуыл бахъаст кæнынц, уыцы знæт æнæхицау куыйты æрцахсынц.**

Æрæджы поселок Редантæ скалодроммæ 'ввахс ран фыдимæ иумæ тезгъо чи кодта, æнæхицау куыдз уыцы 2,5-аздзыд лæппумæ балæбурдта.

— Райдианы куыдзы нæ федтам. Мæ лæппуимæ кæрæдзимæ 'ввахс лæууыдыстæм. Æвиппайды егъау куыдз фæзынд, сывæллоныл йæхи ныццавта, зæххыл æй сфæлдæхта æмæ йын йæ цæсгомыл фæхæцыд. Сабимæ хæстæг ран уыдтæн æмæ йæ куыдзы дзыхæй рарæдывтон, куыдз та иуварс алыгъд æмæ будкæйы бын бамидæг (ацы ран цавæрдæр объект аразынц). Сывæллонмæ балæбурæг куыдз æрранизæй рынчын у æви нæ, "Владпитомник"-ы кусджытæ уый цæмæй сбæлвырд кæной, уый мæ фæнды, — зæгъы хъыгдардбаййафæг сабийы фыд **Хъесаты Зауырбег**.

Зауырбег йæ фырты æвæстиатæй кæдæм аласта, уыцы рынчындоны медиктæ лæппуйы хъæдгæмттæ хосæй байсæрстой æмæ йын сæ бабастой. Лæппуйæн прививкæтæ кæнынц.

— Адæймаг нæм куы бахъаст кæны, уæд куыдзахсджыты бригад бахъастгæнæг адæймагимæ аныхас кæны. Гуырысхойаг куыдзы кæд ссарæм, уæд ын фосы дохтыр йæ уавæр раиртасы. Куыдз æрранизæй рынчын кæд нæу, уæд æй бардузæм, сæрмагонд нысан ыл сæвæрæм æмæ йын йæ хицауы ссарын бафæлварæм. Ссарын кæй хицауы нæ бантысы, уыцы куыдзы йæ раздæры цæрæнбынатмæ рауадзæм, — зæгъы "Владпитомник"-ы директор **Дыдарты Æхсарбег**.

**Нæ уацхæссæг**

## Аивад

# "Трубадур" — ногæй ирон сценæйыл

**Дунеон оперон аивады классикæ, Джузеппе Вердийы æппæты рæсугъддæр æмæ уарзондæр оперæтæй иу — "Трубадур" æрбацыд Ирыстоны зæхмæ.**



170 азы размæ — 1853 азы 19 январы ромаг театр "Аполло"-йы ацыд "Трубадур"-ы фыццаг премьерæ. Уæдæй нырмæ уæлахиздзауы цыд кодта дунейы театралон сценæтыл. "Трубадур", "Травиата" æмæ "Риголетто"-йы æмрæнхъ бацыд курдиатджын Вердийы "æртæ сыгъзæрин" уацмысы номхыгъдмæ. Ацы æртæ музыкалон уацмысы арæхдæр зæлынц дунейы. Уырыссаг æвзагыл, йæ режиссер — Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисткæ **Гергиты Ларисæ**, афтæмæй "Трубадур" фыццаг хатт азæлыд 2011 азы. Ацы бонты та зындгонд оперæ æвдыст æрцыд ног режиссерон æмæ аивадон хуызы, æмæ фыццаг хатт — оригиналы æвзагыл.

"Трубадур"-ы дыууæ премьерон равдысты РЦИ-Аланийы оперæ æмæ балеты Мариинаг театры филиалы ацыдысты æнтыстджынæй, театрдзаутæн нымæц дæр нæ уыд, оперæйæн йæхи та схонæн ис театралон афоны ирд культурон цау.

Цыппарактон оперæйы сюжеты бындуры сты XV æнусы Испанийы хабæрттæ: дыууæ æфсымæры — трубадур Манрико æмæ граф ди Луна, сæ хæстæгдзинад нæ зонгæйæ, бауарзтой герцогы чызг Леонорæйы. Фæлæ Леонорæйы зæрдæйы ис æрмæстдæр — Манрико... Тæссаг сусæгдзинад, æвирхъау монцтæ, æнæуæнкдзинад, мæлæтдзаг хæст æмæ уарзондзинады историйы трагикон кæрон... Сценæйыл алы актимæ дæр уæлдæф карздæр кодта, номдзыд Вердийы цæхæртæкалгæ музыкæ æмæ диссаджы рæсугъд декорацитæ оперæмæ хъусджыты сæ базыртыл, цыма, астæуккаг æнустæм ахастой, афтæ зынди.

Сæйраг партитæ чи азарыд, уыдон равдыстой сæ дæсны вокалон цæттæдзинад, артистизм æмæ сценикон темперамент. Ахъазыдысты дзы — РЦИ-Аланийы сгуыхт артист, Мариинаг театры оперон труппæйы солист **Виктор Коротич**, Мариинаг театры Æрыгон оперон зарæггæнджыты академийы солисттæ **Вячеслав Козловский, Екатеринæ Латышева, Савва Хастаев, Аннæ Матис, Игорь Барбаков**. Оперæ æмæ балеты театры солисттæ — РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ **Еленæ Скалдина** æмæ **Анастасия Ивакина**. Ирд фæлгонцтæ сценæйыл сарæзтой Оперæ æмæ балеты театры солисттæ **Юрий Федотов** æмæ **Вадим Федотов, Цхуырбаты Верæ, Кристинæ Деревянко, Амир Рахимов** æмæ **Къаболаты Арсен**.

Бирæ зарæггæнджытæн дзæуджыхъæуккаг "Трубадур"-ы архайд уыд сæ фыццаг рацыд сценæмæ. Театрдзаутæ тыхджын къухæмдзæгъдæй сбуц кодтой артистты, оркестры музыкантты сæ дæсны цагъды тыххæй (дирижер **Николай Хондзинский**) æмæ хоры зарæггæнджыты (сæйраг хормейстер **Мурасты Изабеллæ**).

Мариинкæйы филиалы дзæуджыхъæуккаг Оперæ æмæ балеты театры сезоны кæронбæттæны оперæ "Трубадур" фæзынд, куыд æппæты ирддæр аккорд, æмæ та фæззæджы байгом кæндзæн ног театралон афон, аивадуарзджыты йæ рæсугъд музыкæйæ, дисы æфтаугæйæ.

**АБАЙТЫ Зæлинæ**

# Фыд æмæ фырт

**(Райдайæн 2 фарсыл)**

Хестанты Джетæ æмæ Чабæ æхсæз фырты схастой. Æхсæзæй дæр хæстмæ ацыдысты. Лæг æмæ ус уыцы цæфæй фæцудыдтой, хæдзары куыстытæ кæнын нал фæрæзтой. Уæд Хъалмыхъ скъолайы фæскомцæдисон организацийы нымæрдар уыд. Фæсивæдæн сæ сæрæндæрты — Æгкацаты Хазби, Датиты Мухадзыр, Къаболаты Валодя, Кцойты Дуняшæ æмæ Тауырзæт, Елуаты Алик æмæ иннæты ракодта, æмæ белтæй скъахтой зæрæдты цæхæрадон. Байтыдтой тауинаг. Суг сын ластой сыхæгты хæрæгуæрдонæй. Иннæ фæскомцæдисонтæ: Кцойты Хъабе, Елмысхан, Гугкаты Зирæ, Датиты Азæ, Хъæйтмазты Дуся, Ходы Фатимæ та йæ куыстытæ кодтой Дзугаты Битийæн. Афтæ Хъалмыхъы хъæппæрисæй æххуыс кодтой æвæгæсæг зæрæдтæн. Уæлдайдæр — уалдзæг æмæ фæззæг. Бирæ рæсугъд фæндтæ уыд Хъалмыхъмæ... Уыцы уалдзæджы хуыфын райдыдта, фыццаг æй ницæмæ дардта, рынчын уæвын йæ сæрмæ нæ хаста. Уый мард фыды хъæбысы зымæгон æхсæв тар хъæды куы арвыста, уый фæстиуæджытæй уыд. Æруатон Хъалмыхъ, хуыссы хæдзары. Тыхсы йыл, зилы йæм, йæ мæгуыр мад Мысырхан. Цæуынц сæм ахуыргæнджытæ Дзуарыхъæууæй, Хæтæлдонæй, уæлдайдæр та нæ къласы разамонæг Гуыриаты Даухан. Лæвæрдта йын хæдзармæ куыстытæ. Афтæмæй фæсаууонмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтæ райста фарæстæм къласы фæлварæнты. Баивтой йæ дæсæмтæм. Цыдæр ныфс дзы бацыд. Зæрдæ рухс кодта ахуырæй, бæллицтæ-иу æй кæм нæ балæууын кодтой! Фæлæ низ йæ сусæг куыст кодта. Цæй хос æмæ дохтыр уыди æвадат рæстæджыты! Ныййарæг мады зæрдæ тоны, æмæ йын йæ катайы йæ зонд дзуры: "Цардхъуаг лæппу бынсæфт кæны, цыма йын акæнон?.."

Хъæрзыдта Хъалмыхъ. Иурæстæджы йæ хъæлæсыдзагæй ныхъхъæр кодта: "Баппи!" Уый фынæй аци æмæ федта, цыма йæ Барысби йемæ акодта иу цъæх фæзмæ: "Мæнæ ацы цъæх фæзы æз æмæ ды иумæ цæрдзыстæм!" Афтæ йæ радзырдта йæхæдæг йæ хистæр æфсымæр Сергейæн. Уымæй фæстæмæ йын-иу лæгъстæ кодта: "Сæге, ме 'фсымæр, ма мæ асай, куы амæлон, уæд-иу мын мæ риуыл Къостайы чиныг "Ирон фæндыр" нывæр". Уыцы фæдзæхст сæххæст кæнын бахъуыд Сæгейы 1950 азы июны дыууынæм боны. Æнустæм ссæдзаздзыдæй баззад Хъалмыхъ Хæтæлдоны фæсивæды зæрдæты...

**КЦОЙТЫ Астемыр**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**ХЪУСЫНГÆНИНАГ**

**Мыггаджы чиныг рауадзыны тыххæй курæм ХЪАЙТЫХЪТЫ мыггаджы минæвæрттæй, уæ хуызистытæ æмæ бинонты историтæ дæдтут Мыггаджы советмæ.**

**Тел.: 8-918-822-24-73, 8-922-787-77-35.**

**Ремонт холодильников и стиральных машин. Тел.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шефредактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3151.
Заказ № 890.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**